



PWOSEDI YO POU EVÈNMAN ENTERYÈ/EKSTERYÈ

Dapre Kòd Prevansyon Ensandi Florid (FFPC), NFPA-1, 1.7.15 lè genyen de sityasyon kote kapab genyen danje oswa genyen mwens ekipman sekirite poutèt tip pèfòmans la, etalaj la, egzibisyon an, gwosè espas la, konkou oswa aktivite, ki kapab jennen akseswa kont ensandi yo, oswa poutèt kantite moun ki prezan yo, li obligatwa pou genyen prezan yon Ofisye Ponpye Degad oswa yon Espesyalis Ensandi.

Biwo Evènman Espesyal Ponpye ak Sekou Miami-Dade etabli kritè ak sèvis kòdinasyon sa yo ki swiv pi ba la-a pou ede moun konfòme yo ak kòd ki egzije ofisye degad oswa espesyalis ensandi an.

EVÈNMAN ENTERYÈ/EKSTERYÈ YO AK TANT YO EPI SÈN YO:

Enfòmasyon ki swiv yo nesesè pou jwenn sekou degad pandan evènman espesyal yo:

Se pou yo soumèt pèmi aplikab yo epi yo va detèmine ekipman ak estaf nesesè an dapre enfòmasyon ki sou aplikasyon an ak vizit sit la, si sa ta nesesè.

Yon pèmi egzijib si evènman an enkli tant, sèn, ak efè espesyal lafimen/fedatifis.

Tout evènman (enteryè/eksteryè) fèt pou kontakte biwo jeni ponpye an nan (786) 315-2771 pou detèmine si li nesesè pou fè revizyon plan yo ak pèmi yo.

Yon fwa yo emèt yon pèmi yo va mete yon dat pou enspeksyon otomatikman.

Enspeksyon yo fèt di lendi a vandredi de 8è dimaten a 5è lapremidi. Nenpòt enspeksyon ki pwograme pou fèt apre lè douvèti yo oswa an wikenn va genyen yon frè diplis de \$416.00 ki rele SRI (Special Request Inspection) ki oblije peye anvan enspeksyon an menm fèt.

Si patisipasyon an plis pase 300 moun, lè sa a li gen dwa nesesè pou genyen prezans yon ekip paramedik. Pou konnen si li nesesè, jis rele Biwo Evènman Espesyal yo nan 786-331-4438.

Yon ekip paramedik konsiste de (1/ofisye 2/ponpye) ak ou san yon inite.

Yon inite (Charyo EMT, Kamyon Sekou, Kamyon Ponpye) gen dwa nesesè depandan sou tip evènman yo.

Peman egzijib anvan evènman an.



FILME FIM

Sa ki swiv anba la-a se enfòmasyon nesèsè yo pou evènman espesyal yo ki nesèsite yon kamyon ponpye degad oswa sekou degad:

Kontakte Biwo Film ak Divètisman an pou pèmi nesèsè yo nan 305-375-3288

Si fim la bezwen yon pèmi dife poutèt eksplozyon yo, ensandi, oswa efè espesyal lafimen/fedatifis, tanpri kontakte biwo ki rele *Burn Permit office* nan 786-331-4809

Si yon kamyon sekou oswa kamyon ponpye pral patisipe nan fim la, tanpri kontakte Biwo Enfòmasyon Piblik Depatman Ponpye ak Sekou Miami-Dade la pou jwenn apwobasyon tèks fim la nan 786-331-5202

Si yo bezwen yon kamyon sekou oswa kamyon ponpye degad pandan yap filme fim la sèlman ebyen se egzijans pou degad yo ki pi wo la-a ki aplikab.

METÒD PEMAN

Chèk Konpayi oswa Pèsonèl, Money Order, Visa ou
Master Card

Tanpri adrese peman yo peyab a

BOARD OF COUNTY COMMISSIONERS